

**NILAI MORAL WONTEN SALEBETING UPACARA TRADHISI
CEPROTAN ING DESA SEKAR KECAMATAN DONOROJO
KABUPATEN PACITAN**



SKRIPSI

Kasusun Kangge Njangkepi Saperangan Syarat Kangge Nggayuh Gelar Sarjana
Pendidhikan wonten Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah

Dening:

SYAHRUL SYAFRUDIN HIDAYAT

1650900018

**FAKULTAS KEGURUAN DAN ILMU PENDIDIKAN
UNIVERSITAS VETERAN BANGUN NUSANTARA
SUKOHARJO**

2023

LEMBAR ABSAHING SKRIPSI

Punika kula nedahaken menawi :

1. Seratan punika panaliten kula piyambak lan dereng nate dipunmajengaken kangge nggayuh gelar akademik (sarjana, magister, utawi doktor), wonten Universitas Veteran Bangun Nusantara Sukoharjo utawi wonten papan pawiyatan inggil sanesipun.
2. Seratan kula punika murni saking gagasan, underan, lan panaliten kula piyambak, mboten nyuwun pitulungan saking pihak sanes, kejawi arahan saking dosen pembimbing.
3. Seratan punika mboten wonten karya ingkang sampun dipunserat utawi *dipublikasikan* tiyang sanes, kajawi dipunserat minangka *acuan* wonten naskah kaliyan dipun andharaken nama pangripta lan dipuserat wonten kapustakan.
4. Menawi kasunyatnipun wonten bukti bilih seratan punika mboten leres, kula purun nampi *sanksi* akademik awujud *pencabutan* gelar ingkang sampun katampi saking seratan punika, saha *sanksi* sanesipun ingkang jumbuh kaliyan norma saking papan pawiyatan inggil punika.

Sukoharjo,

Ingkang nedahaken,



Syahrul Syafrudin Hidayat

NIM. 1650900018

SESANTI

TATA, TITI, TENTREM

Sejatinipun gesang punika kedahdipun tata supados mboten mbrenca. Lajeng ugi dipun teliti supados gesang punika ngati-ati. Bakal tinemu tentrem manawi gesang punika dipuntata lan dipunteliti.

(Syahrul Syafrudin Hidayat)



PERSEMBAHAN



Karya punika dipunpisungsong dhumateng:

1. Gusti Allah ingkah Maha Kuwaos ingkang sampun paring kelancaran anggenipun nyerat skripsi.
2. Tiyang sepuh ingkang kula tresnani lan sampun paring donga ugi motivasinipun.
3. Inkang kula tresnani Elda Filia Wulandari.
4. Bapak saha Ibu dosen pembimbing kula ingkang paring bimbingan.
5. PBSU Universitas Veteran Bangun Nusantara ingkang kula tresnani.
6. Almamater ingkang kula tresnani.

ATUR PAMBUKA

Puji syukur dhumateng Gusti ingkang Maha Kuwaos ingkang sampun paring rahmat lan hidhayah dhateng panaliti, satemah panaliti saged mungkasi skripsi ingkang irah-irahanipun *Nilai Moral wonten Salebeting Upacara Tradhisi Ceprotan ing Desa Sekar Kecamatan Donorojo Kabupaten Pacitan* kanthi pinanggih lancar mboten wonten alangan setunggal punapa. Skripsi punika kaserat kangge njangkepi salah setunggaling syarat nggayuh gelar Sarjana Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah Fakultas Keguruan dan Ilmu Pendidikan Universitas Veteran Bangun Nusantara Sukoharjo.

Panaliti ngrumaosi menawi mboten saged nyerat skripsi kanthi sae menawi mboten wonten bimbingan lan angkahan saking sedaya pihak ingkang sampun mbiyantu dhateng panyeratan skripsi punika. Kanthi raos bingahing manah, panaliti ngaturaken agunging panuwun dhateng:

1. Prof. Dr. Farida Nugraheni, M.Hum., minangka Rektor Universitas Veteran Bangun Nusantara Sukoharjo, ingkang sampun paring sarana lan prasarana kangge ngangu kawruh wonten papan pawiyatan inggil.
2. Dr. Singgih Subiyantoro, M.Pd., minangka Dekan Fakultas Keguruan dan Ilmu Pendidikan Universitas Veteran Bangun Nusantara Sukoharjo, ingkang sampun maringi idi kangge nindakaken panaliten skripsi punika.
3. Dr. Agus Efendi, M.Sn., minangka Pangarsa Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah Universitas Veteran Bangun Nusantara Sukoharjo, ingkang sampun paring panuntun kangge panyeratan skripsi punika lajeng saged paripurna kanthi lancar.
4. Dr. Nurpeni Priyatiningsih, M.Pd., minangka pembimbing I ingkang sampun paring bimbingan, angkahan, lan semangat ngantos pungkasaning skripsi.
5. Harsono, S.S., M.Hum. , minangka pembimbing II ingkang sampun paring bimbingan, angkahan, lan semangat ngantos pungkasaning skripsi.

6. Tri Widiatmi, S.Pd., M.Pd. minangka pangarsa penguji ingkang sampun paring bimbingan, angkahan, lan semangat ngantos pungkasaning skripsi.
7. Bapak Ibu Dosen Program Studi Pendidikan Bahasa lan Sastra Daerah ingkang sampun paring ilmu ingkang sae kangge panyeratan skripsi.
8. Sedaya pihak ingkang mboten saged panyerat sebutaken sedaya, ingkang sampun paring pambiyantu dhateng panyerat satemah panyerat saged mungkasi skripsi punika.

Panyerat ngrumaosi bilih skripsi punika tebih saking tembung sempurna, awit saking punika kritik lan saran ingkang mbangun dipunbetahaken panyerat supados skripsi ingkang salajengipun saged sae. Panyerat ugi anggadhahi pangajap supados skripsi punika saged paring mupangat dhateng panyerat pribadi lan dhateng pamaos.



Sukoharjo, Juli 2023

Panaliti

ABSTRAK

SYAHRUL SYAFRUDIN HIDAYAT. NIM 1650900018. *Nilai Moral wonten Salebeting Upacara Tradhisi Ceprotan ing Desa Sekar Kecamatan Donorojo Kabupaten Pacitan.* Skripsi. Sukoharjo: Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Keguruan dan Ilmu Pendidikan, Universitas Veteran Bangun Nusantara Sukoharjo, 2023.

Underaning prekawis wonten salebeting panaliten inggih punika kados pundi paraga, ubarampe, tatacara lan nilai moral ingkang kakandhut wonten salebeting upacara tradhisi Ceprotan desa Sekar, kecamatan Donorojo, kabupaten Pacitan. Ancasing panaliten punika supados saged mangertosi paraga, ubarampe, tatacara lan nilai moral ingkang kakandhut salebeting upacara tradhisi Ceprotan.

Landhesan teori punika ngandharaken babagan babagan pangertosan kabudayan, nilai moral, Jinisipun nilai moral, pangertosan upacara tradhisi lan ceprotan, panaliten ingkang jumbuh, lan raganganing pamikir ingkang wonten gegayutanipun kaliyan rumusaning prekawis wonten salebeting panaliten.

Jinising panaliten punika ngginakaken jinis panaliten kualitatif. Metode panaliten ingkang dipunginakaken wonten panaliten inggih punika metode deskriptif. Papan panggenan anggenipun nglampahi panaliten inggih punika wonten desa Sekar, kecamatan Donorojo, kabupaten Pacitan. Wekdal anggenipun nglampahi panaliten punika kalampahan kirang langkung gangsal wulan, wonten wulan September 2020 ngantos Januari 2021. Dhata panaliten punika dipunpendhet saking kasil transkripsi video lan kasil transkripsi wawanrembag kaliyan kepala desa lan juru kunci desa. Menawi sumber dhata punika dipunpendhet saking sedaya lampahing upacara tradhisi Ceprotan wonten video dokumentasi lan wawanrembag kaliyan sesepuh desa.

Asiling panaliten punika Tradhisi upacara Ceprotan punika jinising nilai moral inggih punika gegayutanipun manungsa kaliyan Gusti punika dedonga lan raos syukur. Gegayutanipun manungsa kaliyan dhiri pribadi punika sabar lan lila. Gegayutanipun manungsa kaliyan manungsa sanesipun punika silaturahmi, gotong royong lan guyup rukun. Gegayutanipun manungsa kaliyan alam sakiwa tengenipun punika kathah ubarampe ingkang magepokan kaliyan khasil alam, pramila saking punika upacara tradhisi ceprotan taksih kalampahan.

Dudutan panaliten inggih punika tatacara panaliten upacara tradhisi Ceprotan inggih punika nilai moral ingkanggegayutanipun manungsa kaliyan Gusti. Gegayutanipun manungsa kaliyan dhiri pribadi. Gegayutanipun manungsa kaliyan manungsa. Gegayutanipun manungsa kaliyan alam sakiwa tengenipun.

Tembung wos: Nilai moral, Tradhisi, Ceprotan, desa Sekar kabupaten Pacitan